

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

UNSUR-UNSUR NULIS

Kasang Tukang

Nulis téh nya éta salasahiji aspék dina opat kaparigelan basa (ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita). Nulis ogé kaasup kana kaparigelan basa anu produktif, salian ti nyarita. Ku kituna, nulis téh miboga fungsi jeung mangpaat anu gedé pisan boh dina mangsa ayeuna boh dina mangsa jaga.

Loba kénéh masarakat nu can paham kana pentingna nulis, utamana para mahasiswa nu notabene jalma nu ngarti atikan. Ku kituna ieu makalah medar perkara ajén jeung mangpaat nu aya dina kagiatan nulis. Dipiharep sabada nyaho kana ajén-ajén jeung mangpaat nulis, minat nulis di sabudeur mahasiswa hususna jeung masarakat umumna bisa ngaronjat.

Wangenan nulis

Nulis téh asal kecapna tina tulis nu ngalaman prosés nasalisasi. Nulis nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas, papan, buku, jeung sajabana ku parantina (LBSS, 1995 : 540).

Nulis téh salasahiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis ogé nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa nepi ka jalma nu maca bisa paham kana naon anu dimaksudkeun ku éta lambang téa. Nulis mangrupa hiji represéntasi bagian-bagian basa dina ngébréhkeun gagasan sacara tinulis.

Aya sababaraha pamadegan ti para ahli ngeunaan wangenan nulis, di antarana waé:

Drs. Muchlisoh (1995:261), nétlakeun yén:

“menulis ialah suatu kegiatan atau aktifitas dari seorang penulis untuk menyampaikan suatu gagasan secara tidak langsung kepada orang lain atau pembaca dengan menggunakan lambang grafik yang dapat difahami oleh penulis dan pembaca.”

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Tarigan (1985:4) nétélakeun yén:

“menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”

Dumasar pamadegan para ahli, bisa dicindekeun yén nulis téh nya éta kagiatan mikir manusa dina ngedalkeun pikiran jeung ide-ide ngaliwatan basa tulisan.

Fungsi nulis

Sacara umum fungsi nulis téh salaku alat komunikasi boh sacara langsung atawa teu langsung (Tarigan, 1985:22 dina Widianti)

Fungsi lianna tina kagiatan nulis, nya éta:

- 1) Fungsi nataan, nya éta dina waktu ngarang nu nulis téh kudu nataan gagasan, pamadegan, imajinasi dina maké basa;
- 2) Fungsi ngawétkeun, nya éta pikeun ngawétkeun pamadegan dina wangu tulisan;
- 3) Fungsi nepikeun, nepikeun pamadegan anu lain ngan saukur ka pamiarsa nu aya deukeut hungkul, tapi ogé ka pamiarsa nu jauh.

Prinsipna, fungsi utama tulisan téh minangka alat komunikasi nu henteu langsung. Nulis téh penting pisan pikeun dunya atikan mah sabab bisa ngaronjatkeun karancagéan mikir siswa. Salian ti éta, ngaliwatan nulis urang bisa ngarasakeun tur ngajembaran daya imajinatif tina persépsi urang, néangan solusi tina masalah-masalah nu karandapan, sarta nyusun runtuyan pangalaman. Sawaktu-waktu bisa manggihan naon anu keur dipikirkeun jeung dirasakeun ngeunaan jalma-jalma, ngeunaan gagasan, ngeunaan masalah, jeung kajadian-kajadian séjénna. Salah sahiji prinsip penting pikeun nu nulis nya éta kudu ngawasa prinsip-prinsip nulis jeung mikir, éta hal téh bisa nulungan manéhanana dina ngahontal maksud jeung tujuanana. Nu pangpendingna di antara éta prinsip-prinsip téh nya éta nimu, nyusun, jeung gaya. Singketna: diajar nulis téh nya éta diajar mikir ku cara nu tangtu. (D'Angelo dina Tarigan).

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Tujuan nulis

Tujuan utama nulis téh nya éta méré informasi anu bisa dipaké salaku alat komunikasi sacara teu langsung. Salian ti éta aya ogé tujuan séjénna tina kagiatan nulis, Hugo Hartig dina Widiani (1985: 24) nétélakeun aya tujuh tujuan nulis, di antarana:

- 1) ***Assignment purpose*** (tujuan nyieun pancén)

Nulis lantaran meunang pancén, lain kahayang manéhna sorangan.

- 2) ***Altruistic purpose*** (tujuan altruistik)

Nu nulis miboga tujuan nyugemakeun nu maca.

- 3) ***Persuasive purpose*** (tujuan persuasif)

Nu nulis miboga tujuan mangaruh nu maca sangkan nu maca yakin kana bebeneran tina ide atawa gagasan anu ditepikeun ku nu nulis.

- 4) ***Informational purpose*** (tujuan informasional)

Nu nulis nepikeun ide atawa gagasan anu tujuanna méré informasi atawa keterangan jang nu maca.

- 5) ***Self expressive purpose*** (tujuan eksprésif)

Nu nulis ngawanohkeun dirina sorangan kanu maca ngaliwatan tulisanna, nu maca bisa paham saha ari nu nulis téh.

- 6) ***Creative purpose*** (tujuan kreatif)

Sangkan nu maca mibanda ajén artistik atawa ajén seni ku cara maca tulisan nu nulis.

- 7) ***Problem solving purpose*** (tujuan nganggeuskeun masalah)

Nu nulis méré bongbolongan kana hiji masalah anu keur disanghareupan ku nu maca.

Harti jeung Mangpaat Nulis

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Dina prak-prakanana, nulis nya éta kagiatan olah pikir jeung olah rasa. Olah pikir atawa olah ratio dmimitian ku ngalelemu, mikir, tur nénangan inspirasi jeung aspirasi. Éta olah pikir téh aya patula-patalina jeung akal tur nalar dina nganalisis, nguji, mikir kritis, nyusun wawngun, mekarkeun inovasi, kaasup balitungan atawa kalkulasi tina sakumna aspék tulisan. Sedengkeun olah rasa nya éta kagiatan nu aya patalina jeung haté sanubari, perasaan, suasana batin jeung kajiwaa. Olah rasa ogé aya patalina jeung nilai tur norma ngeunaan bebeneran, kajujuran, kaéndahan, éstética jeung moral. Hasil olah pikir jeung olah rasa téh tuluy dicatet dina tulisan nu ngaruntuy, sistematis, sikuén tur kronolgis, nu dipiharep bisa dipelajari, ditarima tur dimangpaatkeun ku nu maca.

Jalma nu rajin nulis, pasti boga kamampuh pikeun ngasah uteuk, ngalatih, jeung ngabiasakeun diri peka kana sagala hal. Nulis ogé mantuan mikir analitif, kritis, konstruktif, tur produktif. Jalma nu remen mikir, bakal mekar daya ingetna jeung daya nalarna. Ku kituna, jalma nu sok mikir mah moal babari poho jeung pikun. Éta kamampuh téh perlu ditépakeun ka batur, utamana mah ngaliwatan hasil karyana.

Jalma nu nulis kalayan jujur jeung ihlas, komo ditarung ku niat anu hade, bakal bisa ngaronjatkeun kualitas mikir masarakat Indonesia. Éta hal téh bisa dilakukeun ku singsaha waé nu miboga minat, hayang diajar tur dilatih. Di sagédéneun éta, nulis ogé boga mangpaat upamana keur ngeusian waktu kosong, dijadikeun kalangenan (hobi), mekarkeun minat, bakat jeung kamampuh, sarta ngandung nilai ékonomi.

(Dr. Sutarno 2008: 117-119)

Pangalaman penulis hebat

Joanne Kathleen Rowling, penulis novel best seller Harry Potter nétélakeun yén manéhna téh jalma anu panguntungna sabab bisa migawé hal-hal anu pangdipikaresepna. Manéhna yakin yén bakal salawasna jadi panulis. Hadiah panggedéna pikeun JK Rowling nya éta antusiasme para pamacana.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Daya irut harry potter bisa nyihir nu macana, anu jadi penggemarna di saban nagara aya nepi ka saantero dunya. Éta novél téh mangrupa karya guru basa Inggris anu matuh di Skotlandia. Di Amérika, Harry Potter geus dicitak leuwih ti 103 juta éksemplar. Tug nepikeun ka unggal judul buku Harry Potter pasti jadi nomer hiji dina daftar buku best seller di *The New York Times, USA Today*, jeung *Wall Street Journal*.

JK Rowling geus meunang layang pangajén anu loba. Layang pangajén anu kungsi ditarima ku JK Rowling di antarana: Hugo Award, Bram Stoker Award, Whitbread Award for Best Children's Book, rékomendasi husus pikeun Anne Spencer Lindbergh Prize, jeung sértifikat husus pikeun jawara tilu taun tuluy tumuluy Smarties Prize. Rowling ogé disinugrahan Officer of The British Empire.

Novél Harry Potter and the Goblet of the Fire kajual tilu juta eksemplar dina waktu opat puluh dalapan jam sabada dimedalkeun ka pasar dina tanggal 8 juli 2000. Rékor ieu jadi fastest-selling book in history. Harga novel ieu US\$.9 kalayan royalti anu ditarima ku panulis 10% sarta kajual tilu juta novel, bisa diitung penghasilan JK Rowling tina hiji novél Harry Potter sahenteuna meunangkeun US\$2,97 juta atawa kira-kira Rp. 29,7 miliar. Anapon anu ditulis ku JK Rowling téh aya tujuh novél Harry Potter.

Nulis pikeun Kahirupan Bangsa

Hiji jalma nu henteu miboga kaparigelan nulis lir ibarat manuk nu sayapna téh kurang hiji nepi ka manéhna teu bisa hiber jauh tur luhur pikeun ngahontal kasuksésan dina kahirupan.

Kaparigelan nulis téh mangrupa hiji kaparigelan nu gedé pisan mangpaatna pikeun sakumna jalma. Ku miboga éta kaparigelan, jalma bisa ngébréhkeun gagasanana sangkan dibaca ku peminat nu lega.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

- Lamun nu nulis jadi cendekiawan atawa tokoh masarakat, mangka éta kaparigelanana téh bisa ngahasilkeun karangan pikeun diterbitkeun di media massa.
- Lamun nu nulis jadi kapala kulawarga atawa ibu rumah tangga kalawan loba pisan pangalamanana, mangka éta kaparigelanana téh bisa dipidangkeun kalawan caritana nu ngirut pikeun dilenyepan jalma réa.
- Lamun nu nulis jadi dosén atawa guru, magka éta kaparigelanana téh bisa dimangpaatleun pikeun nulis buku pelajaran.
- Lamun nu nulis jadi mahasiswa/pelajar, mangka éta kaparigelanana téh tangtu diperlukeun nalika nulis skripsi/paper.
- Lamun nu nulis jadi pejabat instansi atawa manajér pausahaan, mangka éta kaparigelanana téh jadi sarat penting pikeun nyusun laporan manajemén nu hadé.
- Lamun nu nulis jadi purnawirawan atawa penggemar bacaan nu parigel basa Inggris, mangka éta kaparigelanana téh bisa narjamahkeun tulisan asing ka basa nasional/basa daerah.
- Lamun nu nulis warga masarakat biasa, mangka kaparigelan ngarang téh mangpaat pisan pikeun nulis buku catetan poéan nu ngaabadikeun kajadian, kesan, atawa lenyepaneun pikeun dirina sorangan. Ku cara nulis buku catetan poéan minangka hiji kabudayaan nulis, hiji jalma bisa nginget kalawan écés mangsa baréto, mangsa ayeuna, tur ngaruntuykeun cita-cita sangkan kahontal.

Mangpaat Nulis, di antarana waé nya éta:

1. Pikeun PNS atawa karyawan swasta nu miboga jabatan fungsional (peneliti, dosén, guru, jrrd), nulis artikel di média massa bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun atawa nyumponan angka krédit sangkan jabatanana bisa naék. Jadi nulis artikel téh mangrupa salah sahiji sarat pikeun naék jabatan.
2. Mangpaat lianna tina nulis pikeun masarakat umum, nya éta mun urang nulis artikel tuluy éta artikel téh dikirimkeun ka média massa, mangka urang téh

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

bisa meunang honor sabab geus nulis éta artikel. Salian ti éta gé, urang bisa ngungkarakeun sawangan, kamandang, atawa pamikiran séjén ngeunaan hiji masalah. Jadi nu maca surat kabar téh teu ngan saukur maca surat kabar atawa majalah, tapi ogé bisa méré kontribusi dina panyusunana ngaliwatan nulis.

Mangpaat Nulis Numutkeun Psikolog

“Usahakeun nulis unggal poé. Ku kituna, urang bakal jadi seger ku sabab mangpaatna nu gedé pisan. Nulis leuwih hadé ti batan operasi pengencangan kulit wajah. Usahakeun nulis unggal poé. Ku kituna, kulit urang bakal jadi seger deui ku sabab mangpaatna nu luar biasa! Ti mimiti urang hudang, nulis bisa ngaronjatkeun aktivitas sél. Ku corétan munggaran dina kertas kosong, kongkolak panon urang moal hideung, tapi bakal seger.” (Fatima Mernissi dina Hernowo)

Bisa percaya, bisa ogé henteu. Anapon urang rada hésé narima pangdeudeul ti Mernissi, tapi dina ahir taun 1990-an, ahli psikolog anu geus ngayakeun panalungtikan salila 15 taun ngeunaan pangaruh tarékah muka haté, muka pikiran keur kaséhatan fisik, nerbitkeun buku nu judulna *Opening Up: The Healing Power of Expressing Emotions*. Éta buku téh ngabahas kumaha tarékah ngébréhkeun sagala pangalaman nu henteu pikangeunaheun ku kekecapan bisa mangaruan pikiran, rasa, jeung kaséhatan awak hiji jalma. Buku ieu ditulis dumasar pangalaman ahli psikolog salaku panalungtik, lain salaku dokter atawa térapis.

Mangpaat nulis numutkeun Dr. Pannebaker dina Hernowo:

1. Nulis bisa nyaangkeun pikiran;
2. Nulis bisa ngungkulan trauma;
3. Nulis bisa mantuan meunangkeun jeung nginget informasi anyar;
4. Nulis bisa mantuan ngungkulan masalah;
5. Nulis-bébas mantuan urang nalika urang kapaksa kudu nulis.

Salian ti éta gé aya mangpaat séjén tina nulis numutkeun Dr. Pannebaker dina Hernowo, nya éta:

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

1. Nulis ngeunaan hal-hal anu negatif bakal méré pelepasan émosional nu nimbulkeun rasa puas.
2. Jalma-jalma nu nuliskeun pikiran jeung perasaan pangjerona ngeunaan pangalaman traumatis nuduhkeun ngaronjatna fungsi kekebalan tubuh tibatan jalma-jalma nu nuliskeun masalah-masalah nu kurang penting

Ajén-inajén dina Nulis

Kagiatan nulis téh lain hiji usaha nu gampang, basajan, sarta sakeudeung. Tapi, mikabutuh prosés, nulis téh merlukeun motivasi nu konsistén tur tuluy-tumuluy. Éta dorongan batin nu gedé bisa dimekarkeun ku unggal jalma ku cara terus hayang mikaweruh, nepi ka ngalenyepan unggal ajén dina nulis téa.

Kagiatan nulis bisa dimimitian tina wangan karangan naon waé, tina karangan nu sipatna non fiksi atawa imajinasi, tulisan ilmiah, laporan perjalanan nepi ka ulasan peristiwa. Ngarang téh miboga ajén, ari ajén nya éta hiji kagiatan, pangalaman, sarta barang nu dihasilkeun manusa anu miboga harga. Ari nulis ngawengku runtusan kagiatan ti mimiti ngolah gagasan nepi ka nyusun kalimah, pangalaman tina pikiran nu rudet nepi ka perasaan nu gumbira, pikeun ngahasilkeun hiji naskah nu alus.

Genep rupa ajén dina kagiatan nulis, nya éta:

(1) Kualitas mikir nu hadé

Ku seringna nulis, sarta matalikeun ide-ide nu hiji jeung nu séjéenna, ngararancang uraian nu sistematis tur logis, sarta nimbang-nimbang kecap nu luyu, unggal jalma pasti bisa ngajembaran daya pikirna, kamampuh imajinasina nepi ka tingkat kecerdasanana.

(2) Ajén atikan

Penulis munggaran nu terus nulis anapon naskahna can hasil diterbitkeun atawa tulisanana téh geus sababaraha kali ditolak, sabenerna éta hal téh bisa ngalati dirina jadi penulis nu sabar, daria tur soson-soson nepi ka pamustunganana mah bisa ngahontal cita-cita jadi penulis nu hadé. Sabada jadi penulis nu hadé, éta jalma bakal terus ngahasilkeun karya tulis, éta hartina manéhna bisa ngajaga konsistensi mikir

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

dina digawéna sarta boga usaha sangkan terus maju. Éta kabéh téh mangrupa ajén atikan nu moal kaalaman di sakolaan.

(3) Ajén kajawaan

Karya penulis anu bisa dimuat dina hiji majalah nu kasohor atawa diterbitkeun minangka buku ku hiji penerbit alus, éta téh bisa ngalahirkeun kepuasan batin, rasa gumbira, nepi ka ngaronjatkeun kepercayaan diri ka diri nu nulisna. Éta hal téh bisa jadi pangrojong ka penulis sangkan bisa terus ngalahirkeun karya-karya nu hadé.

(4) Ajén kamasarakatan

Penulis nu geus kasohor ku karya-karya tulisna, biasana sok meunangkeun pangajén ti masarakat, paling henteu ngaran éta penulis téh kasohor salaku penerbit, pengusaha toko buku. Jsb. Kadang-kadang, éta penulis gé meunang pangajén ti jalma-jalma nu geus maca tulisanana.

(5) Ajén kauntungan

Tangtu waé usaha hiji penulis nu berhasil téh baris narima imbalan duit ti pihak nu nerbitkeun karyana. Mingkin maju hiji nagara, mingkin cerah ogé kahirupan para penulisna, ku sabab leuwih réa deui jalma nu hayang maca tur mampuh meuli éta bacaan.

(6) Ajén filsafat

Salah sahiji gagasan gedé nu dipikirkeun ku para ahli pikir ti baheula nya éta kaabadian. Jasad jalma-jalma nu wijaksana teu pernah abadi, tapi ide atawa gagasan maranéhna abadi ku sabab diabadikeun ngaliwatan karangan nu ditulis. Nepi ka poé ieu, manusa modérn bisa mikanyaho kawijaksaan Plato ngaliwatan naskah pagunemanana, atawa urang mikanyahao ajaran Aristoteles ngaliwatan buku-bukuna. Dunia Timur sadar kana éta ajén nepi ka aya paribasa anu unina “sakabéh nu aya di alam dunya bakal leungit iwal pernyataan tulis”.

Panulis nu Hadé

Penulis nu hadé nya éta penulis nu bisa ngamangpaatkeun situasi kalayan hadé. Situasi nu kudu diperhatikeun tur dimangpaatkeun téh nya éta:

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

1. Maksud jeung tujuan sang penulis (parobahan nu dipiharep baris aya dina diri nu maca);
2. Nu maca atawa pamiarsa (naha nu maca éta téh kolot, kenalan, atawa babaturan nu nulis);
3. Waktu atawa kasempetan (kaayaan-kaayaan nu ngalibetkeun lumangsungna hiji kajadian, waktu, tempat, jeung situasi nu nagbutuhkeun panitén langsung, masalah nu merlukeun bongbolongna, patalékan nu merlukeun jawaban, jsb).
(D'Angelo dina Tarigan)

Penulis ngaproyéksikeun dirina ngaliwatan tulisanana. Penulis lain wae kudu milih hiji masalah nu cocog tur saluyu, tapi ogé kudu bisa nangtukeun saha nu maca karya manéhna tur apal kana naon maksud jeung tujuan penulis. Patalina jeung nu maca éta tulisan, geus sakuduna penulis téh bisa ngajawab patalékan-patalékan, utamana:

- a. Sabaraha umur nu maca éta tulisan?
- b. Jenis kelamin nu maca?
- c. Di mana nu maca matuh/cicing?
- d. Naon kasang tukang nu maca?
- e. Minat budaya naon waé nu dipiboga ku nu maca?
- f. Naon minat sosial nu maca?
- g. Kumaha kayakinan-kayakinan pulitik nu maca?
- h. Naon agama jeung falsafah (hirup) nu maca?
- i. Naon pakasaban/keahlian nu maca?
- j. Naon karesep nu maca?

Ku cara méré jawaban nu hadé kana éta pertanyaan-pertanyaan, penulisna bisa méré gambaran nu leuwih jauh tur jero saluyu jeung nu maca atawa penikmat karya manéhna.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

NULIS JADI KALANGENAN

Kasang Tukang Masalah

Nulis téh mangrupa salasahiji prosés pikeun ngahontal hiji tujuan. Tujuan nu hayang dihontal nu nulis téh diarahkeun ka nu macana. Ngaliwatan tulisan, nu nulis bisa ngébréhkeun rasa sarta sikep pribadina kana jejer tulisan.

Sangkan bisa nulis kalayan hadé, tangtuna waé kudu wanoh sarta resep heula kana tiorina. Saupama geus resep, mangka kagiatan nulis bisa jadi kalangenan anu asik pikeun nu nulis. Jadi, teu ahéng saupama aya jalma anu ngajadikeun nulis salaku kalangenna. Contona waé Happy Salma. Anjeunna salian ti jadi artis, model, ogé kiwari geus mimiti ngambah dunya tulis-tulis. Ku sabab éta, panyusun miboga karep pikeun maluruh leuwih teleb, kumaha sangkan bisa resep kana nulis sarta satulunya bisa ngajadikeun nulis salaku kalangenan anu mangpaat.

Wangenan, Fungsi jeung Tujuan Nulis

Nulis nya éta ngadéskripsiun lambang-lambang grapik sangkan bisa dipikaharti ku nu macana. Salian ti lambang-lambang grapik, dina nulis ogé aya ma'na semantik anu kudu dipipaham ku nu macana. Maca tulisan bédha halna jeung maca gambar. Gambar bisa nepikeun ma'na, tapi teu bisa ngagambarkeun beungkeutan basana. Ku kituna kagiatan nulis kudu dipisahkeun jeung kagiatan lianna anu patali jeung lambang-lambang grapik, sabab nulis mangrupa hiji representasi tina beungkeutan ékspresi basa. Hal ieu nu ngabédakeun antara gambar jeung tulisan. Jadi ngagambar lain hartina nulis (Lado, 1979:143).

Nulis téh mangrupa salasahiji media komunikasi nu dipaké panulis pikeun ngébréhkeun informasi ka nu macana, misalna waé artikel, ésséy, warta, jeung sajabana. Aya angkeuhan nu nyebutkeun yén majuna hiji bangsa bisa diukur tina produksi tulisan masarakatna. Tangtuna éta hal perlu dirojong ku kualitas jeung kuantitas percetakan nu aya, di antarana penerbitan-penerbitan koran, majalah, jeung buku.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Saupama hayang jadi panulis, teu bisa ngan maca buku pedoman atawa ngilu pelatihan hungkul. Sabab éta hal teu bisa jadi jaminan dina nangtukeun bisa henteuna nulis. Hal-hal éta ukur jadi sarana atawa wahana dina mekarkeun kamampu nulis. Nu pangpentingna mah nya éta kudu boga kahayang.

Fungsi utama nulis téh nya éta alat pikeun komunikasi sacara teu langsung. Disebut teu langsung, sabab nulis béda jeung ngomong. Ngomong mah ucapan verbal anu dikaluuarkeun tina alat ucap, sedengkeun nulis mah ucapan anu diébréhkeun ngaliwatan lambang-lambang grafik (tanda semantik).

Disagédéneun éta nulis ogé miboga tujuan. Sabab hiji kagiatan moal sagawayah dilakukeun saupama teu miboga tujuan. Tujuan nulis téh aya opat, nya éta ngawawarkeun, ngayakinkeun pamaca, hiburan, jeung ngébréhkeun rasa atawa émosi panulis.

Tujuan wawaran dina nulis nya éta pikeun nepikeun informasi ka nu lian. Sedengkeun tujuan ngayakinkeun nya éta tujuan ti panulis sangkan nu maca bisa yakin kana naon-naon anu ditulisna. Dina hal ieu aya unsur bebeneran anu hayang diébréhkeun ku panulis, ogé aya unsur maksa ka pamaca sangkan percaya kana informasi anu ditulisna. Sedengkeun tujuan hiburan nya éta tujuan anu reseptif pikeun nu maca, biasana dina ngeusian waktu atawa refreshing tina kagiatan sapopoé. Anu pamungkas nya éta tujuan ngébréhkeun rasa jeung émosi panulis. Ieu tujuan penting pisan dina kagiatan nulis, sabab panulis bisa bébas ngébréhkeun éksprésina sangkan naon-naon anu hayang ditepikeunna bisa katepikeun kalayan sugema.

Mangpaat Nulis Salaku Karesep

Loba pisan mangpaat tina nulis téh, di antarana:

1. Bisa ngeusian waktu kosong sangkan leuwih produktif
2. Nu nulis bisa satuluyna aktif kalawan midangkeun tulisana anu kréatif
3. Ngajadikeun pikiran leuwih rancagé
4. Ngarojong pribadi sangkan tuluy maju
5. Ngaronjatkeun ajén hirup supaya leuwih mangpaat tur miboga harti anu mandiri

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

6. Bisa ngamangpaatkeun élmu nu dipiboga
7. Ayana kasugemaan batin nalika tulisan dibaca ku balaréa
8. Bisa ngahasilkeun kauntungan materil
9. Bisa ngaronjatkeun kaséhatan nu nulis. Kabukti ku Fatima Mernissi anu nyebutkeun yén manéhna ngarasa plong sanggeus nuliskeun pangalaman hirup kana buku tulisna.

Cara-Cara Pikeun Nyalurkeun Karesep

Aya 7 cara pikeun nyalurkeun karesep nulis tur méré mangpaat kanu nulis, di antarana nya éta:

1. Nulis artikel di majalah, koran jeung média séjenna
2. Jadi *penulis bayangan (ghost writer)*
3. Pangarang buku
4. Éditeur
5. Staf ahli
6. Nulis dina blog
7. *Copy writing*

Palakiah Dina Nulis Salaku Karesep

Saupama nulis geus dijadikeun karesep, tangtuna waé moal hésé deui lamun dititah nulis hiji karya. Di handap ieu aya sababaraha palakiah dina nulis salaku karesep, di antarana:

- a. Tangtukeun dina widang naon urang nulis

Maksudna lain ngawatesanan, tapi sangkan nu maca bisa nyindekkeun yén panulis téh sabenerna ahli dina widang naon.

- b. Tulis naon nu ku urang rék ditulis

Ulah loba kasieun dina nulis, sabab éta kasieun bakal jadi bangbaluh gedé nalika urang nyieun tulisan.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

- c. Perhatikeun jeung pilih salahahiji média cétak nu bakal jadi wadah tulisan urang.
- d. Kirimkeun tulisan urang, pastikeun tulisan urang katarima kalayan hadé Tulisan bisa dikirimkeun ngaliwatan pos atawa bisa datang langsung ka rédaksina.

Kagiatan Nulis di Paguron Luhur

Nulis jadi karesep (hobi)

Gie (2009: 9) nyebutkeun yén pikeun ngadatangkeun sumanget hirup perlu ayana karesep (hobi), sedengkeun pikeun kalumangsungan hirup, manusia merlukeun pakasaban (profési). Keresep anu dipiara tur diamalkeun sapopoé bisa nyieun hirup pinuh ku *energy*, profési anu dilakonan kalawan ihlas bakal ngadatangkeun hirup nu miboga harti. Salasahiji contona nya éta nulis, nulis bisa jadi karesep. Upama hiji jalma migawé pagawéan kalawan resep tur tuluy-tumuluy dipigawé, hartina éta jalma ngajadikeun pagawéanana jadi kalangananana. Hiji pagawéan anu dipigawé kalayan intensitas anu tangtu jeung serius, lila kalilaan éta pagawéan bakal méré hasil anu kaharti.

Nulis salaku karesep bisa dihartikeun mangrupa hiji kagiatan ngébréhkeun eusi pikiran dina wangu tulisan anu dipigawé sacara tuluy-tumuluy kalayan didasaran ku karesep nu datangna tina jero haté. Nulis téh mangrupa runtulan kagiatan hiji jalma pikeun ngébréhkeun pikiranana ngaliwatan basa tinulis tea sangkan dipikaharti ku jalma lian. Pikiranana téh bisa mangrupa pangalaman, pamadegan, pangaweruh, kahayang, rasa, nepi ka gumuruhna haté anu kebek ku ide ti hiji jalma. Éta buah pikiran téh diwujudkeun dina tulisan atawa karangan, boh faksi boh non faksi, boh prosa boh puisi.

Cleanth Brooks jeung Robert Warren (Gie, 2009: 9) ngébréhkeun yén dorongan batin hiji jalma pikeun nulis kabagi dua; (1) ébréhan (expression) jeung (2) tata hubungan (communication).

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

1. Ébréhan (*expression*)

Ngaliwatan nulis, panulis bakal ngarasa leuwih tingtrim haténa, sabab rasa/emosi nu aya dina jero haténa geus diébréhkeun ngaliwatan tulisanana. Saperti ilaharna hiji jalma nu keur gumbira, manéhna ngébréhkeun éta kagumbiraan ku cara hahariringan jeung sajabana.

2. Hubungan (*communication*)

Hiji jalma karojong pikeun nulis kusabab butuh komunikasi jeung jalma séjén, misalna hayang nulis surat ka indung, atawa hayang nulis surat pembaca dina surat kabar, jsb.

Dina kanyataanana, antara motivasi pikeun ngaéksprésikeun diri jeung pikeun komunikasi sok pacampur. Tapi nu pangentingnah nulis téh dijadikeun, tidinya urang pasti bakal nyungsi sacara jero hakékat nulis nu sabernera téh naon. Di jaman modern ayeuna kagiatan nulis miboga hubungan nu raket pisan jeung kahirupan hiji jalma salaku karesep pikeun ngagairahkeun hirup jeung salaku profési, nu dijadikeun sumber kahirupan.

Numutkeun The Liang Gie, aya dua ciri nu jadi sipat khas kagiatan nulis nya éta sipat Humanisme (manusiawi) jeung sipat pribadi. Kagiatan nulis miboga sifat nu leuwih manusia tibatan aktivitas lainna, sabab di antara sakabéh mahluk hirup, ngan manusa wungkul nu bisa ngalakukeun kagiatan nulis.

J. Hambleton Ober dina taun 1965 ngarang buku nu judulna “Writing : Man’s Greatest Invention” (Tulisan: Ciptaan manusia yang Terbesar), manusa diajar nulis nalika umurna masih kawilang ngora kénéh, tulisan nu ngamungkinkeun ayana mangrupa-rupa peradaban jeung kabudayaan. Ahli Antropologi Prancis Claude Levi-Strauss ogé ngungkarakeun yén tulisan mangrupa hiji ciptaan ajaib nu kamekaranana mawa manusa dina kasadaran nu leuwih jelas kana mangsa tukang jeung hiji kamampuh nu leuwih gedé pikeun ngatur mangsa ayeuna atawa mangsa jaga.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Ngarang, sifatna pribadi (personal) sabab proses nulis nu sabenerna mah ngan bisa dilakonan ku hiji jalma. Aktivitas ngarang dimimitian ku mucunghulna motivasi tina pamikiran hiji jalma nu dibarengan ku kasadaran pribadi nepi ka ditandaan ku kapribadian nu tangtu.

Kiwaru dina kahirupan modern, ku pakakas teknologi nu sarwa aya jeung sarwa bisa, waktu hiji jalma jadi longsong. Daripada ti poé ka poé ukur ngobrol teu puguh, leuwih hadé éta kasempetan dijueun produktif, ku cara ngalakukeun kagiatan nulis. Ku kagiatan nulis hiji jalma bisa ngaktifkeun pikiran jeung ngalatih leungeunna. Hobi nulis, komo mun bari dilakonan kalayan bener-bener jeung kamampuan nu cukup, bakal ngaronjatkeun kréativitas daya pikir manusa. Aktivitas nulis ogé bakal ngaronjatkeun hiji jalma pikeun meunang kamajuan ti waktu ka waktu dina rupa-rupa hal, misalna dina milih kecap, rasa kalimat, nata ide, atawa ngan ukur dina daya rojong dirina (*pushing power*).

Ku cara ngamekarkeun karesep nulis hiji jalma bisa ngurangan tekanan batinna sorangan. Ku resep nulis, hiji jalma bisa ngarasakeun suasana pribadina jadi bébas (privacy) atawa ngalaman nyorangan, lepas tina hubungan-hubungan jeung jalma lain. Ku resep nulis, contona wangun paguneman antara dirina sorangan dina buku catetan sapopoé, hiji jalma jadi bisa leuwih paham dirina sorangan, atawa wanoh deui kana kapriadianana nu bisa waé geus kapopohokeun.

Maksud utama kalangenan nya éta pikeun nyangking kasenangan diri jeung nyieun hirup sapopoé nu kadang ngaruwedkeun sangkan bisa ngirut haté. Éta maksud bakal kahontal ku kalangenan nulis nu dilakonan pribadi. Karesep ngarang lain saukur bisa ngeusi waktu, nyibukkeun diri, ngaronjatkeun kréativitas, ngaronjatkeun kualitas diri, jeung nolak dampak negatif dina kahirupan sapopoé, saperti geus dijelaskeun saméméhna, tapi kalangenan nulis bisa ogé nambahin gairah hirup panulisna.

Sipat kodrati manusa nya éta ngimpleng sagala hal nu éndah, nu hadé, nu bener dina kahirupanana. Sedengkeun ceuk para filsuf nu ti baheula mikir pikeun maham kaéndahan, kahadéan jeung bebeneran, salaku tilu ajén agung dina hirup manusa,

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

mangka nyieun karangan nu digarap ku pinuh cerapan indrawi, kapekaan émosional, rasa kamanusaan, kamurnian batin, karajaman pikiran atwa pangabdian di hiji pangarang teu mustahil miboga ciri-ciri kaéndahan, ide-ide kahadéan jeung asas-asas bebeneran.

Ku kituna, sigana teu kaleuleuwih saupama diungkabkeun yén kalangenan nu bisa ngahasilkeun ciptaan nu miboga tilu ajén agung téa, tangtuna hiji kalangenan nu luar biasa sarta ngirut haté.

Modalitas nulis

Élmu Pangaweruh (knowledge)

- Wangenan élmu pangaweruh

Pikeun nulis, modal panggedéna anu kudu dipiboga nya éta élmu pangaweruh. Élmu pangaweruh mangrupa naon-naon waé anu dipikanyaho ngeunaan hiji hal, atawa objék anu disusun sacara konsistén.

- Sumber élmu pangaweruh

- a. Insting (gharizah), nya éta élmu pangaweruh anu dipiboga manusa barang gubrag ka alam dunya.
- b. Indra, nya éta élmu pangaweruh anu dipiboga ku manusa tina panca indrana.
- c. Akal, nya éta bagian anu kacida pentingna dina proses mikir.
- d. Pangalaman, nya éta naon-naon waé anu geus kaalaman dina waktu nu geus kaliwat.
- e. Intuitif, nya éta élmu anu dipiboga tanpa ayana prosés nalar.
- f. Qalbu, nya éta pangkal tina sagala rasa.
- g. Wahyu, nya éta ajaran nabi, nu sumberna tina Al-Quran jeung Al-Hadits.
- h. Impian.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Kahayang pikeun Nulis (*Willingness to write*)

Kahayang pikeun nulis mangrupa modal anu kacida pentingna pikeun jalma anu hayang nulis. Nurutkeun Thomas Alfa Edison, kabisa pikeun migawé hiji hal ukur 1% sedengkeun sésana 99% mangrupa kahayang.

Sababaraha cara anu bisa dipigawé, sangkan miboga sumanget jeung kahayang pikeun nulis:

- a. Tetep sumanget nulis, naon waé hal bisa ditulis. Upamana: daftar balanjaan bulanan, resep pasakan, masalah anu kapanggih di sakola, kampus, jalan, nulis dina diary, jsb.
- b. Mindeng interaksi jeung para panulis, boh sacara langsung atawa maca karyana.
- c. Ngiluan kursus nulis.
- d. Getol latihan.
- e. Ngahiji (gaul) jeung komunitas atawa organisasi anu resep nulis.

Pangalaman (*Experience*)

Pangalaman nya éta “guru” anu paling wijaksana. Sababaraha pangalaman anu pernah kaalaman, dipigawé, mangrupa modal anu penting dina nulis. Biasana modal pangalaman bakal leuwih énténg dina migawé kagiatan nulis. Conto: rumaja anu keur silih resep biasana ngébréhkeun rasana ngaliwatan wangun tulisan, kitu ogé saupama hiji jalma ngalaman kajadian anu pait keur dirina, biasana bakal ngébréhkeun pangalamanna sacara ngaguluyur dina wangun tulisan ogé.

Pangalaman di widang anu béda bakal mantuan prosés nulis kalawan suksés. Sabab pangalaman anu dipiboga, lamun mampu ngébréhkeunana (eksplanasi) bakal jadi bahan tulisan anu béda, ngirut haté, jeung original.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Motivasi pikeun nulis (*Motivation to Write*)

Motivasi sabenerna raket patalina jeung kahayang. Ku ayana motivasi, hiji jalma bakal miboga kahayang pikeun migawé hiji hal, kaasup nulis. Patali jeung motivasi nulis, Harry Edward Neal nyarankeun saméméh nulis, urang kudu nanya ka diri sorangan, naha urang nulis?

Motivasi ieu sacara gurat badag diwincik jadi dua, nya éta motivasi internal jeung motivasi éksternal. Motivasi internal nya éta motivasi anu datang ti dirina sorangan (intern).

Motivasi anu kadua nya éta motivasi eksternal anu datangna ti luar. Contona, nulis sabab ayana motivasi pikeun ngahasilkeun duit, tuntutan gawé, hayang dikenal ku jalma loba, sieun popularitasna turun kusabab teu nulis, jsb. Pikeun panulis profesional, biasana dua motivasi ieu tetep aya dina dirina, sangan tetep éksis.

Resep Nulis Ngajadikeun Kualitas Jalma Jadi Leuwih Hadé

Resep nulis saperti nyieun catetan atawa nyieun jurnal bisa ngajadikeun urang leuwih hadé. Kusabab jalma mah kawatesanan ku panyakit pohoan, kikituna kabiasaan nulis catetan-catetan bisa ngabantuan urang dina nginget-nginget hiji hal. Aya sababaraha mangpaat dina kalangenan nulis jurnal atawa catetan, diantarana:

1. Nyalurkeun émosi jeung ngalatih kamampuh nulis
2. Mantuan kamampuh nginget
3. *Refleksi/ perjalanan hirup*, pikeun *introspeksi diri*
4. *Berbagi* jeung nu lian

Conto nu Ngabuktikeyén Nulis Asalna tina Karesep

Sarah Gilang Permatasari Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI, saha sih nu teu wanoh? Anjeunna salahiji pangarang basa Sunda anu kawilang ngora kénéh. Sanajan umurna kawilang ngora, tapi tulisana geus jadi karya nu dipikaresep réa jalma.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Nulis, nu ayeuna geus ngabaju dina dirina téh mangrupa hasil tina karesepna nulis ti mimiti SMA kénéh. Ngaranna geus mimiti dipikawanoh ti SMA, sabab tulisanna geus mimiti dimuat dina media massa harita. Keur SMA mah karesepna téh maca buku-buku sastra kayaning buku novél, cerpen, atawa sajak (dina bahasa Indonesia). Ku sabab éta karya anu dihasilkeunna gé nya éta karya sastra anu ditulis dina bahasa Indonesia. Ayeuna nalika kuliah di jurusan pendidikan bahasa daerah, kakara Sarah resep nulis dina basa Sunda, sabab buku-buku bacaanna gé buku basa sunda.

Carpon-carponna mindeng dimuat di koran Tribun Jabar. Judul-judul carponna diantarana; “abdi mah geus ihlas”, “kado ulang taun”, “pucuk-pucuk kaduhung”, “imut dina bulan panghareupan” .

Geus tangtu carpon-carpon Sarah téh diapresiasi ku masarakat anu maca karyana, balukarna loba jalma anu kainspirasi ku karyana éta. Nu maca atawa nu ngaapresiasi jadi kamotipasi pikeun nuturkeun léngkah Sarah ngambah dunya tulas-tulis.

Loba mangpaat anu karasa tina nulis téh, saperti anu karasa ku Sarah, nya éta:

1. Tina segi ékonomi, tangtuna waé nalika hiji tulisan dimuat bakal meunang duit ti pihak rédaksi koran.
2. Segi aktualisasi diri, jadi bisa leuwih dipikawanoh boh ku babaturan atawa ku masarakat sacara umum.
3. *Kepuasan batin*

Sarah moal ngajadikeun karesepna nulis jadi pakasaban, sabab nulis pikeun Sarah nya éta alat pikeun ngébréhkeun kereteg haténa anu can karuhan bisa dikedalkeun ka jalma lian. Ngaguluyur, hal éta pisan nu baris di lakonan dina kahirupan jaga pikeun karesepna tulas-tulis téa.

NULIS JADI PAKASABAN

Wangenan Nulis

Kecap ‘nulis’ asalna tina kecap ‘tulis’ maké rarangkén hareup N (nasal) anu ngandung harti ‘ngalakukeun’. Tina ieu harti ébréh pisan yén nulis téh mangrupa hiji kagiatan.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Fungsi jeung Tujuan Nulis

Fungsi utama nulis nya éta mangrupa pakakas komunikasi anu henteu langsung. Nulis kacida pentingna pikeun dunya atikan sabab nulis bisa ngaronjatkeun proses mikir. Cindekna, bisa disebutkeun yén diajar nulis téh taya lian nya éta diajar mikir ngagunakeun cara anu tangtu (Tarigan, 1982:28).

Numutkeun Hugo anu dicutat ku Tarigan (1982:30) ngébréhkeun genep tujuan nu nulis, nya éta:

- a. *Assigment purpose* (tujuan migawé pancén)
- b. *Altruistiq purpose* (tujuan altruistik)
- c. *Persuasive purpose* (tujuan persuasif)
- d. *Informational purpose* (tujuan informasional)
- e. *Self-expressive purpose* (tujuan ngawanohkeun diri)
- f. *Creative purpose* (tujuan kreatif)
- g. *Problem solving purpose* (tujuan ngungkulon masalah)

Nulis Jadi Pakasaban (Profesi)

Dina kahirupan kiwari anu sarwa modern, pangarang bisa disajajarkeun jeung profési séjén, saperti dokter, insinyur, ahli hukum, jsté. Profési ngarang bisa jadi pangupa jiwa anu bisa ngajamin kaperluan hirupna. Tapi umumna mah profési nulis masih dianggap profési anu méakkeun tanaga, panitén, jeung waktu. Padahal bisa jadi pagawéan utama anu jadi sumber pangupa jiwa anu geus maneuh.

Kagiatan nulis, dimimitian ku nyipta ide atawa gagasan dina pikiran ngeunaan anu rék dituliskeun. Gagasan nya éta kristalisasi pamikiran anu sumberna tina tiori jeung pakta. Aya sababaraha hal anu bisa jadi jalan pikeun nyangking éta gagasan, di antarana :

1. Kudu loba maca buku

Waktu maca buku anu béda, atawa référénsi séjén, panulis bakal mindeng manggihan gagasan-gagasan cara nulis anu béda ti nu saméméhna. Maca buku

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

karya batur ogé sarua jeung diajar tiori-tiori anu dipaké panulis minangka bahan komprehensif.

2. Niténan Fénoména Kahirupan

Ku cara niténan kahirupan manusa, tangtu ide jeung gagasan bakal murudul nepi ka bisa nyipta hiji gemblengan tulisan anu seger.

3. Survéi Buku


Survéi buku kudu dijadikeun kagiatan anu rutin, sangkan bisa niténan kahéngkéran atawa kaonjoyan buku panulis séjén. Survéi buku ogé miboga tujuan pikeun niténan trén konsumsi pamaca.

Nulis téh patali pisan jeung maca, lain waé macaan hal-hal anu patali jeung nu rék ditulis waé tapi jeung hal-hal nu sipatna umum. Sumawona pikeun nulis dina buku program studi atawa buku ilmiah anu kawéntar diperlukeun prasyarat jeung syarat-syarat ilmiah nu tangtu. Salasaurang anu geus ilubiung dina kagiatan pelatihan nulis, teu ngajamin manéhna bakal jadi panulis. Sabab dina nulis téh henteu waé dijejelan ku tiori-tiori jeung téhnik panulisan, tapi ngabutuhkeun waktu jeung kréatifitas ti saurang panulis.

Salasahiji cara pikeun ngalarapkeun hasil tina pelatihan nulis éta nya éta ngamimitian nulis ti ayeuna ku cara nulis amatir. Hartina, nulis ngeunaan naon waé, iraha waé, jeung dimana waé nalika aya kasempetan. Nulis amatir teu kudu maluruh saha target nu macana. Nulis amatir ulah maliré kana honorarium atawa *fee* atawa *royalty* anu dibikeun ku pihak séjén. Minangka prosés awal pikeun jadi panulis profésional ku kituna coba kirimkeun tulisan-tulisan ka sababaraha média lokal, saperti buletin internal atawa jurnal ilmiah anu ambahanana masih aya di sabudeureun urang sorangan. Bisa ogé ngirimkeun ka média komersial, saperti koran, majalah atawa pamedal, jeung média séjénnna anu skalana masih kawilang lokal. Lamun geus dimuat, hartina éta tulisan bisa dijadikeun awal karier panulis, ti panulis amatir ka panulis profésional.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Papasingan nulis jadi pakasaban



1. Nulis Warta

Warta mangrupa salah sahiji bagian anu kalintang penting dina media massa. Nulis warta mangrupa tugas utama wartawan, tapi bisa ogé dilakukeun ku masarakat umum.

Aya dua hal anu kudu dilakukeun dina nulis warta, nya éta:

- Sumber warta, kajadian anu bisa dijadikeun tulisan warta.
- Wawancara, pikeun ngumpulkeun bahan-bahan anu diperlukan dina nulis warta.

2. Nulis Artikel

Artikel, mangrupa karya tinulis anu sifatna dumasar kana sawangan nu nulis. Dina nulis artikel, aya tilu prosés, di antarana:

- Tahap *pre writing*

Tahap *pre writing* nya éta tahap ngamimitian nulis. Aya sababaraha aspek anu kudu diperhatikeun, nya éta aspek administrasi, aspek teknis, aspek akademis jeung aspek psikologis.

- Tahap panulisan

Dina tahap panulisan, panulis museurkeun panitena kana hiji tulisan.

- Révisi

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Kauntungan Nulis di Media Massa

Aya sababaraha kauntungan dina nulis di média massa, di antarana kauntungan finansial jeung kauntungan nonfinansial. Kauntungan finansial nya éta kauntungan anu sipatna matéri, lantaran meunang honor nulis. Sedengkeun kauntungan nonfinansial nya éta kauntungan anu sipatna kapuasan batin, popularitas, prestige, jsté.

AJEN JEUNG MANGPAAT NULIS

1. Kasang Tukang

Nulis téh nya éta salahahiji aspek dina opat kaparigelan basa (ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita). Ari nulis téh kaasup kana kaparigelan basa anu sipatna produktif, sajaba ti nyarita. Ku kituna, nulis téh miboga fungsi jeung mangpaat anu gedé pisan boh di mangsa ayeuna atawa di mangsa jaga, boh jang nu nulisna boh jang nu macana.

Tapi loba kénéh masarakat nu can paham kana pentingna nulis, utamana para mahasiswa. Dina ieu makalah, kelompok 4 medar perkara mangpaat jeung ajén-inajén nu aya dina kagiatan nulis, miboga udagan pikeun ngahudang karep nulis mahasiswa.

Sajaba ti éta, dina ieu makalah ogé dipedar naon ari nulis téh? Mangpaat naon waé nu aya dina kagiatan nulis? Ajén-inajén naon waé nu aya dina nulis? Tur kumaha carana sangkan jadi panulis nu hadé?

Tangtuna waé, dipiharep sabada mahasiswa nyaho tur paham kana ajén-inajén jeung mangpaat nulis, minat nulis di kalangan mahasiswa hususna jeung masarakat umumna bisa terus ngaronjat.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Nulis

Wangenan

Nulis téh asal kecapna tina tulis nu ngalaman prosés nasalisasi. Nulis nya eta nyieun aksara atawa angka dina kertas, papan, buku, jeung sajabana ku parantina (LBSS, 1995 : 540).

Nulis nya éta ngagambarkeun basa tina lambang-lambang jeung grafik nepi ka jalma séjén bisa paham kana maksud éta lambang-lambang téa. Nulis téh salasahiji kaparigelan basa anu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis mangrupa hiji represéntasi tina bagian-bagian basa dina ngébréhkeun gagasan sacara tinulis.

Aya sababaraha pamadegan ti para ahli ngeunaan wangenan nulis, di antarana waé:

Drs. Muchlisoh (1995:261), nétélakeun yén:

“menulis ialah suatu kegiatan atau aktifitas dari seorang penulis untuk menyampaikan suatu gagasan secara tidak langsung kepada orang lain atau pembaca dengan menggunakan lambang grafik yang dapat difahami oleh penulis dan pembaca.”

Tarigan (1985:4) nétélakeun yén:

“menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.”

Dumasar pamadegan para ahli, bisa dicindekkeun yén nulis téh nya éta kagiatan ngedalkeun pikiran jeung ide-ide ngaliwatan basa tulisan.

1.2 Fungsi

Sacara umum fungsi nulis téh nya éta minangka alat komunikasi, boh sacara langsung atawa teu langsung (Tarigan, 1985:22 dina Widiani).

Fungsi lianna tina kagiatan nulis, nya éta:

Fungsi nataan, nya éta saacan ngarang kudu dimimitian nyusun gagasan, pamadegan, imajinasi dina maké basa;

Fungsi ngawétkeun, nya éta pikeun ngawétkeun pamadegan dina wangun tulisan;

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Fungsi nepikeun, nepikeun pamadegan lain ngan saukur ka pamiarsa nu aya di hareupeun, tapi ogé ka pamiarsa nu jauh.

Dina prinsipna, fungsi utama tina tulisan téh nya éta minangka alat komunikasi nu henteu langsung. Nulis téh penting pisan pikeun dunya atikan mah sabab nulis téh bisa ngagampangkeun siswa pikeun mikir tioritis. Sajaba ti éta, nulis ogé bisa ngabantu urang sangkan mikir kritis. Ngaliwatan nulis, urang bisa ngarasakeun tur ngajembaran daya tanggap atawa persépsi urang, néangan solusi tina masalah-masalah nu karandapan ku urang, sarta nyusun runtutan pangalaman urang. Tulisan bisa mantuan ngaécéskeun pikiran-pikiran urang.

Salah sahiji prinsip penting pikeun penulis nya éta kudu ngawasa prinsip-prinsip nulis jeung mikir, lantaran bisa mantuan ngahontal maksud jeung tujuanana. Nu pangpentingna di antara prinsip-prinsip éta nya éta nimu, nyusun, jeung gaya. Singketna, diajar nulis téh nya éta diajar mikir ku cara nu tangtu. (D'Angelo dina Tarigan).

2.3 Tujuan

Tujuan utama tina nulis nya éta pikeun méré informasi, bisa ogé salaku alat komunikasi sacara tinulis. Salian ti éta, aya ogé tujuan séjén tina kagiatan nulis, Hugo Hartig dina Widiani (1985:24) nétélakeun yén aya tujuh tujuan dina kagiatan nulis téh, nya éta:

- 1) *Assignment purpose (tujuan penugasan)*

Nulis lantaran meunang pancén, lain kahayang manéhna sorangan.

- 2) *Altruistic purpose (tujuan altruistik)*

Nu nulis miboga tujuan nyugemakeun nu maca, hayang nulungan nu maca sangkan babari dina meunangkeun informasi.

- 3) *Persuasive purpose (tujuan persuasif)*

Nu nulis miboga tujuan mangaruh nu maca sangkan nu maca yakin kana bebeneran tina ide atawa gagasan anu ditepikeun ku nu nulis.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

4) *Informational purpose* (tujuan informasional atawa tujuan penerangan)

Nu nulis nepikeun ide atawa gagasan anu tujuanna méré informasi atawa keterangan keur nu maca.

5) *Self expressive purpose* (tujuan pernyataan diri)

Nu nulis ngawanohkeun dirina sorangan kanu maca ngaliwatan tulisanana.

6) *Creative purpose* (tujuan kreatif)

Sangkan nu maca mibanda ajén artistik atawa ajén kasenian ku cara maca tulisan nu nulis.

7) *Problem solving purpose* (tujuan pemecahan masalah)

Nu nulis méré bongbolongan kana hiji masalah anu keur disanghareupan ku nu maca.

2.4 Harti jeung Mangpaat

Dina prak-prakanana, nulis téh nya éta kagiatan olah pikir jeung olah rasa pikeun hiji jalma. Olah pikir atawa olah ratio dimimitian ku ngalelemu, mikir, tur néangan inspirasi jeung aspirasi. Éta olah pikir téh aya patula-patalina jeung akal tur nalar dina ngalakukeun analisis, kajian, mikir kritis, nyusun konstruk, mekarkeun inovasi, kaasup balitungan atawa kalkulasi tina sakumna aspék penulisan. Sedengkeun olah rasa nya éta kagiatan nu aya patalina jeung haté, rasa, suasana batin jeung kajiwaan. Olah rasa ogé aya patalina jeung nilai tur norma ngeunaan bebeneran, kajujuran, kaéndahan/éstétika jeung moral. Pikiran tur perasaan nu wening baris mawa konséntrasi kalawan hadé pikeun nulis hiji hal. Éta hasil olah pikir jeung olah rasa tuluy dicatet dina tulisan nu ngaruntut, sistematis, sikuén tur kronologis. Ku kituna dipiharep yén éta tulisan téh bisa dilenyepan, ditarima tur dimangpaatkeun ku nu maca.

Rajin nulis, mangrupa hiji cara nu éfektif pikeun ngasah uteuk, ngalatihi, tur ngabiasakeun diri sangkan peka tur mampuh mikir analitif, kritis, konstruktif, tur produktif. Nulis téh mangrupa hiji seni jeung kaparigelan, nu mana éta kaparigelanana téh ditulis dina konsép ngaliwatan olah basa nu dilakukeun kalayan

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

jujur tur enya-enya. Jalma nu sok mikir, daya ingetna bakal mekar, kitu ogé daya nalarna. Ku kituna, jalma nu sok mikir moal babari poho jeung pikun.

Hiji jalma nu nulis kalayan jujur jeung ihlas, mangrupa salah sahiji jalan pikeun babakti ka nagara. Éta hal téh bisa dilakukeun ku singsaha waé nu miboga karep atawa kahayang pikeun diajar tur éta kahayang téh tuluy dilatih. Di sagédéngéun éta, nulis ogé boga mangpaat séjén, upamana jang ngeusi waktu kosong, ngokolakeun kalanganan (hobi), mekarkeun minat, bakat jeung kamampuh, sarta ngandung nilai ékonomi. (Dr. Sutarno 2008: 117-119)

Mangpaat séjén dina kagiatan nulis:

Pikeun PNS atawa karyawan swasta nu miboga jabatan fungsional (peneliti, dosén, guru, jrrd), nulis artikel di média massa bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun atawa nyumponan angka krédit sangkan jabatanana bisa naék. Jadi, nulis artikel téh mangrupa salah sahiji sarat pikeun naék jabatan.

Mangpaat lianna tina nulis pikeun masarakat umum, nya éta mun urang nulis artikel tuluy éta artikel téh dikirimkeun ka média massa, mangka urang téh bisa meunang honorarium. Salian ti éta gé, urang bisa ngungkarakeun sawangan, kamandang, atawa pamikiran séjén ngeunaan hiji masalah.

Mangpaat Nulis Numutkeun Psikolog

“Usahakeun nulis unggal poé. Ku kituna, kulit urang bakal jadi seger deui ku sabab mangpaatna nu gedé pisan. Nulis leuwih hadé ti batan operasi pengencangan kulit beungeut. Usahakeun nulis unggal poé. Ku kituna, kulit urang bakal jadi seger deui ku sabab kandungan mangpaatna nu luar biasa! Nulis bisa ngaronjatkeun aktivitas sél. Ku corétan munggaran dina kertas kosong, kongkolak panon urang moal hideung, tapi bakal seger.” (Fatima Mernissi dina Hernowo)

Bisa percaya, bisa ogé henteu. Anapon urang rada hésé narima pangdeudeul ti Mernissi, tapi dina ahir taun 1990-an, ahli psikolog anu geus ngayakeun panalungtikan salila 15 taun ngeunaan pangaruh tarékah muka haté, muka pikiran ka nu kaséhatan fisik, nerbitkeun buku nu judulna Opening Up: The Healing Power of Expressing Emotions. Éta buku téh ngabahas kumaha tarékah ngébréhkeun sagala

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

pangalaman nu henteu pikangeunaheun ku kekecapan nu bisa mangaruhan pikiran, perasaan, jeung kaséhatan awak hiji jalma. Ieu buku ditulis dumasar pangalaman ahli psikolog salaku panalungtik, lain salaku dokter atawa térapis.

Mangpaat nulis numutkeun Dr. Pannebaker dina Hernowo:

- 1) Nulis bisa nyaangkeun pikiran;
- 2) Nulis bisa ngungkuluan trauma;
- 3) Nulis bisa mantuan nyangking jeung nginget informasi anyar;
- 4) Nulis bisa mantuan ngungkuluan masalah;
- 5) Nulis-bébas mantuan urang nalika urang kapaksa kudu nulis.

Salian ti éta gé aya mangpaat séjén tina nulis numutkeun Dr. Pannebaker dina Hernowo, nya éta:

Nulis ngeunaan hal-hal anu negatif bakal méré pelepasan émosional nu nimbulkeun rasa sugema.

Jalma-jalma nu nuliskeun pikiran jeung perasaan pangjerona ngeunaan pangalaman traumatis nuduhkeun ngaronjatna fungsi kekebalan tubuh dibandingkeun jeung jalma-jalma nu nuliskeun masalah-masalah nu kurang penting.

Ajén-Inajén dina Kagiatan Nulis

Unggal peminat nu mimiti hayang diajar ngarang atawa nulis tur miboga kahayang yén dina hiji waktu manéhna bisa jadi hiji pangarang, perlu rojongan batin nu gedé sangkan usahana téh bisa kahontal. Kagiatan nulis téh lain hiji usaha nu gampang, kagiatan nu basajan, sarta gawé nu sakeudeung. Tapi nulis téh merlukeun motivasi nu tetep tur tuluy-tumuluy. Éta rojongan batin nu gedé bisa dimekarkeun ku unggal peminat ku cara mikanyaho, sarta maham nepi ka ngalenyepan unggal ajén nu nyangkaruk dina kagiatan nulis.

Kagiatan nulis hiji karangan dina wangu naon waé, tina karangan nu sipatna non faksi atawa imajinasi, tulisan ilmiah, laporan perjalanan nepi ka ulasan peristiwa,

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

henteu ngan saukur miboga mangpaat, tapi ogé miboga pesona nu tangtu pikeun nu nulisna. Ajén dina ngarang nya éta hiji keberhargaan nu aya dina kagiatan, atawa pangalaman. Kagiatan nulis ngawengku runtulan ngolah gagasan nepi ka nyusun kalimah, pangalaman tina pikiran nu caang atawa macét nepi ka perasaan nu gumbira atawa kesel, sarta hiji naskah nu bisa waé alus atawa goréng. Éta kabéh hal téh ngahasilkeun ajén nu bisa nyumponan rinéka kabutuhan hiji jalma.

Kagiatan nulis téh sakurang-kurangna ngalahirkeun 6 jenis ajén, nya éta:

- 1) Nilai Kecerdasan
- 2) Nilai Kependidikan
- 3) Nilai Kejiwaan
- 4) Nilai Kemasyarakatan
- 5) Nilai Keuangan
- 6) Nilai Kefilsafatan

Panulis nu Hadé

Penulis nu hadé nya éta penulis nu bisa ngamangpaatkeun situasi kalayan hadé. Situasi nu kudu diperhatikeun tur dimangpaatkeun téh nya éta:

- 1) Maksud jeung tujuan panulis (parobahan nu dipiharep baris aya dina diri nu maca);
- 2) Nu maca atawa pamiarsa (naha nu maca éta téh kolot, kenalan, atawa babaturan nu nulis);
- 3) Waktu atawa kasempetan (kaayaan-kaayaan nu ngalibetkeun lumangsungna hiji kajadian, waktu, tempat, jeung situasi nu merlukeun perhatian langsung, masalah nu merlukeun bongbolongna, patalékan nu merlukeun jawaban, jsb) (D'Angelo dina Tarigan).

Penulis ngaproyéksikeun hiji hal ngeunaan dirina kana hiji tulisan. Penulis lain waé kudu milih hiji masalah nu cocog tur luyu, tapi ogé kudu bisa nangtukeun saha nu maca karya manéhna tur apal kana naon maksud jeung tujuan manéhna nulis. Patalina jeung nu maca éta tulisan, geus sakuduna penulis téh bisa ngajawab pertanyaan-pertanyaan, utamana:

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

- 1) Sabaraha umur nu maca éta tulisan?
- 2) Jenis kelamin nu maca?
- 3) Di mana nu maca matuh/cicing?
- 4) Naon kasang tukang nu maca?
- 5) Minat budaya naon waé nu dipiboga ku nu maca?
- 6) Naon minat sosial nu maca?
- 7) Kumaha kayakinan-kayakinan pulitik nu maca?
- 8) Naon agama jeung falsafah (hirup) nu maca?
- 9) Naon pakasaban/keahlian nu maca?
- 10) Naon karesep nu maca?
- 11) Naha aya nu can jéntré ngeunaan pamaca tertentu?

Ku cara méré jawaban nu hadé kana éta pertanyaan, nu nulis bisa méré gambaran nu leuwih jauh tur jero saluyu jeung nu maca atawa penikmat karya manéhna.

ASAS NULIS ANU EFEKTIF: JELAS, RINGKES, BENER

Asas Nulis Efektif

Gie (2002: 33) nétélakeun yén aya tilu asas utama nu kudu di perhatikeun dina nulis karangan nu efektif.Dina bahasa Inggris, tilu asas di luhur disingget 3C nya éta clarity (jelas),concisenes (ringkes), jeung correctnes (tepat).

Asas ngarang nu ka hiji jeung nu utama dina kagiatana nulis nya éta kudu jelas. Hasil tina gagasan hiji jalma dina basa tulis kudu bisa dibaca jeung dipikaharti ku nu maca. Asas jelas teu ngan saukur gampang dipikaharti, tapi nu maca ogé moal salah tafsir. Jelas hartina teu samar, eces sangkan unggal ide anu diébréhkeun nyata ku nu maca.

Asas ringkes lain hartina éta karangan téh kudu pondok. Ringkes nya éta hiji karangan teu ngahamburkeun kekecapan anu teu penting, teu ngulang ide nu di ébréhkeun jeung teu puputeran dina ngébréhkeun hiji gagasan. Numutkeun Harry

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Shaw (dina Gie, 2002:36), panulisan nu alus minangka hasil tina ide nu jembar jeung kosa kecap nu hemat, jadi karangan bisa disebut ringkes alatan éta karangan bisa ngebrehkeun pikiran dina kosakecap nu pondok tapi nyogok.

Asas katepatan mibanda katangtuan yén hiji tulisan kudu bisa nepikeun gagasan ka nu maca kalayan luyu sagemblengna saperti nu dimaksud ku nu nulis. Kukituna, sangkan éta karangan tepat, nu nulis kudu taat kana aturan jeung katangtuan tata basa, éjahan, tanda baca, jeung kelaziman basa tulis nu aya.

Tilu asas nu disebutkeun tadi mangrupa asas-asas utama nu kudu diperhatikeun jeung dilaksanakeun dina kagiatan nulis, sangkan bisa ngahasilkeun hiji tulisan nu alus jeung bisa dipikaharti ku nu maca. Salian tilu asas utama éta, numutkeun Gie (2002: 36-37), aya ogé tilu asas séjén nu kudu diperhatikeun ku nu nulis supaya ngasilkeun tulisan nu alus. Diantarana nya éta :

(1) unity , (2) coherence , jeung (3) emphasis

(1) unity

Asas unity hartina yén sagala hal anu ditepikeun dina hiji karangan kudu ngawengku kana hiji gagasan poko atawa téma utama nu geus ditangtukeun. Ide dina karangan anu disusun ku paragrap-paragrap, teu meunang aya anu méngpar tina jalur gagasan poko. Satuluyna dina unggal paragrap ngan ngawengku hiji informasi anu dirojong ku gagagsan poko jeung informasi séjén nu luyu.

(2) coherence

Ieu asas netepkeun yén bagian-bagian dina hiji karangan kudu pakait, ngentep seureuh antara hiji jeung nu lianna. Antara paragrap hiji jeung nu lianna kudu aya pakaitna sangkan aya aliran nu logis tina ide hiji kana ide séjénna. Kitu ogé antara unggal kalimah, kudu aya kasinambungan nu tartib sangkan luyu dina nepikeun gagasan poko ti mimiti nepika ahir karangan.

(3) emphasis

Asas teges dina ngarang nangtukeun yén dina hiji tulisan poko-poko, informasi nu penting diebrehkeun ku cara nekenkeun hal anu tangtu sangkan nguatkeun pikiran nu maca.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Prinsip – Prinsip dina Nulis

Loba jelema nyawang yén ngan ukur nyokot pulpen, nu nulis sajati sanggup ngocorkeun kekecapan jadi karangan anu gembleng. Nu nulis sajati ngarti yén aya prosés di jero nulis téh. Lamun urang nengétan genep prinsip dina nulis, mangka urang baris bisa nulis kalayan gampang.

1. Rarancang
2. Proses nyieun tulisan
3. Nulis Draf
4. Revisi
5. Nyunting
6. Maca deui

Pangajaran Nulis

Hakékat Pangajaran Nulis

Hasil atawa henteuna pangajaran dina nulis, salasahijina dibalukarkeun ku cara metode anu dipake ku guru. Numutkeun Nurhasanah jeung Widodo (1993:70-72), aya opat hal anu kudu diperhatikeun dina pangajaran nulis nya éta:

(1) Prinsip

Nulis nya éta kaonjoyan dina ngolah basa. Kaonjoyan nulis bisa dihontal lamun urang daék ngasah jeung latihan. Ku kituna, pikeun ngahontal éta katerampilan urang kudu loba latihan.

(2) Bimbingan

Bimbingan kudu dibikeun sacara intensif timimiti urang diajar nulis nepi ka bisa ngahasilkeun tulisan. Sanggeus urang ngahasilkeun karangan, koréksi kana karangan kudu dilakukeun tur menta ropéa jeung sawangan tinu ngabimbing.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

(3) Sifat pengajaran

Pangajaran nulis bisa dilakukeun ku cara dihandap ieu :

- a. pangajaran nulis bisa dimimitian tina latihan aspek-aspek nulis, terus dituluykeun ku latihan nulis karangan sageblengna.
- b. Pangajaran nulis bisa dimimitian tina téori nulis, dituluykeun kana praktek nulis atawa sabalikna.
- c. Sawatara hal anu ditulis dimimitian ku hal nu aya disabudeureun nepi ka hal-hal nu teu dipikanyaho ku urang.

(4) Media

Media pangajaran dina nulis bisa dibawa tina conto-conto karangan nu geus aya, bisa ogé tina koran atawa majalah.

Tujuan Pangajaran Nulis

Numutkeun Nurchasanah&Widodo (1993:62–66), tujuan pangajaran nulis bisa ditangtukeun tina aspék nu dipikayahang ku urang. Tujuan éta diantarana :

1. tujuan anu sipatna teoritis jeung praktis
2. Tujuan numutkeun wujud tulisan/karangan
3. Tujuan numutkeun tingkat kognisi nu ka hontal
4. Tujuan langsung jeung teu langsung
5. Tujuan nu sipatna diskrit jeung pragmatik

MILIH TOPIK JEUNG TEMA KARANGAN

Kasang Tukang

Kiware, loba pisan masalah nalika panulis rék ngamimitian nulis, di antarana panulis sok bingung dina nangtukeun téma naon nu rék dipedar. Loba panulis nu sok bingung nalika geus diuk di hareupeun layar komputer jeung siap pikeun nulis. “Urang kudu nulis naon?” Sabenerna ieu kahéngkéran teu kudu jadi pasualan, asal

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

jalma nu rék nulis téh peka jeung lingkunganna. Ide pikeun nulis téh sabernera aya di lingkungan panulis, pasuliwer sakuriling panulis. Masalahna panulis nu sok tara peka pikeun niténan sinyal-sinyal nu aya di sabudeureunana.

Nangtukeun téma sarua halna jeung juru masak nu keur milih menu masakan. Manéhna bisa nangtukeun menu masakan dumasar kana dua hal, nya éta kahiji manéhna bisa nangtukeun menu makanan dumasar kana bahan-bahan nu aya. Contona lamun aya endog, menu basajan nu dijueun paling masak omelet atawa endog orak-arik. Kadua, manéhna bisa nangtukeun jenis masakan dumasar kana saha nu rék ngadahar éta masakan. Manéhna leuwih merhatikeun kana karesep jalma-jalma nu rék ngadahar éta masakan, kakara nangtukeun jenis masakan naon nu rék dipasak.

Tah, hal nu diungkarakeun di luhur teu jauh bédha jeung nulis. Dina cara kahiji, urang nangtukeun téma tulisan dumasar kana pangalaman, pangaweruh jeung pangabisa nu dipiboga. Panulis bisa milih téma tina diri panulis sorangan, carana nya éta panulis kudu wanoh heula ka dirina tuluy ngarumuskeunna dina wangu tulisan. Prosés mikawanoh kana diri sorangan ngawengku pangalaman digawé, pangalaman hirup, pangalaman rohani, kahayang, hobis, kaonjoyan dina diri sorangan, jrrd. Cara nu kadua, dina nangtukeun téma tulisan, panulis kudu nempo heula saha nu rék maca karyana. Panulis kudu mikawanoh nu maca, tuluy méré pertanyaan ngeunaan kumaha cara nyugemakeun pamaca.

Biasana panulis sok bingung dina nangtukeun téma atawa topik hiji tulisan. Padahal loba hal-hal anu bisa dijadikeun téma atawa topik di lingkungan sabudeureun urang, atawa tina kajadian-kajadian nu unik nu geus kaalaman ku panulis.

Dina munggaran nulis téh panulis ulah langsung mikiran katatabasaan, éjaan, atawa leunjeuran kalimahna, tapi kudu pokus heula kana naon nu rék dicaritakeun.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

1. Nangtukeun Téma

Téma téh mangrupa hiji gagasan poko atawa ide pikiran ngeunaan hiji hal, salah sahijina dina nyieun tulisan. Dina unggal tulisan, pasti miboga téma. Jadi lamun diibaratkeun ngajieun imah, téma téh salaku pondasi atawa dadasar dina éta imah. Lamun témania ngirut, tangtu nu maca méré ajén jeung aprésiasi nu leuwih kana éta tulisan.

Téma poko nyirikeun yén pangarang miboga kahayang pikeun nepikeun hiji hal ngeunaan manéhanana. Téma kudu diwatesan dumasar kana rarancang jeung maksud husus si pangarang. Ngawatesanan téma karangan mangrupa salah sahiji cara pikeun nangtukeun hasil henteuna pangarang dina prosés ngarang. Salian ti éta, hasil henteuna ngarang ditangtukeun ku luyu henteuna téma nu diébréhkeun. Ku kituna, naon anu rék ditulis téh kudu nu bener-bener dipikanyaho ku pangarang. Tuluy pilih salah sahiji aspék nu saluyu jeung kamampuh pangarang.

Téma téh dijerona ngandung ide-ide atawa gagasan pamikiran hiji jalma. Numutkeun kamus Purwadarminta, ide téh nya éta salaku rarancang nu kasusun dina pikiran, gagasan, jeung angen-angen. Sedengkeun Hornby dina *Oxford Advanced Dictionary of Current English* (1987) ngébréhkeun yén ide téh salaku: (1) *though; picture in the mind*; (2) *plan; scheme; design; purpose*; (3) *opinions*; (4) *vague belief; fancy; feeling that sth is probable*.

Lamun pangarang geus bisa ngamekarkeun hiji ide, pangarang bisa milah-milah deui éta ide jadi leuwih rinci. Ku ayana perincian ide, pangarang bisa manggihan rupa-rupa topik nu bisa diteuleuman kalayan nyosok jero, sarta sangkan teu ngabuyarkeun konséntrasi kana hiji karangan, pangarang bisa milih topik mana heula nu rék ditulis.

Panulis nu munggaran nulis biasana sok ngalaman kahéngkéran dina nangtukeun téma tulisan. “Munggaran mah nulis téh leuwih hésé ti batan ngamekarkeun tulisan”, ceuk salah sahiji mahasiswa.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Loba cara nu bisa dihontal pikeun ngaréngsékeun ieu kahéngkéran, nya éta ku cara nyieun jejaring ide. Unggal jalma miboga sajumlahing ide dina pamikiranna. Nu hésé nya éta kumaha cara ngébréhkeun éta ide kana tulisan.

Ku cara nyieun jejaring ide, panulis dipaksa pikeun ngaidéntifikasi ide-ide pokok jeung ide-ide tambahanna. Jejaring ide lain ngan saukur keur panulis, tapi ogé keur ka nu maca. Pamaca nu kritis, sarua jeung panulis nu kritis, kudu ngaidéntifikasi ide-ide pokok jeung ide tambahanna.

Ku ayana ieu jejaring, panulis salaku pamaca bisa nuturkeun jalan pikiran panulis nepi ka bisa ngajén tulisan sacara kritis. Kumaha cara nyieun jejaring ide téh?

- Saméméh nulis, siapkeun kertas jeung alat tulis
- Pikirkeun ide-ide nu penting pikeun ditulis
- Béré watesan minimal lima ide pokok
- Tulis ide pokok sasingget-singgetna dina buleudan-buleudan
- Hubungkeun éta buleudan-buleudan ku garis nu saarah atawa dua arah saluyu jeung pikiran nu nulis
- Gunakeun pola garis patah-patah pikeun nunjukeun hubungan sacara teu langsung. Visualisasi ide-ide ieu sabernera subjéktif, gumantung ka nu nyieunna.
- Narasikeun hubungan antara éta buleudan-buleudan

Dina *prosiding* seminar, lokakarya, *workshop* atawa lomba karya tulis, nu sok ditanyakeun pangheulana téh nya éta téma. Naon ari téma téh? Téma téh asalna tina basa Yunani; tithenai, nu hartina”hiji hal nu geus didadarkeun” atawa “hiji hal nu geus ditempatkeun”. Harti téma sacara husus dina hiji tulisan bisa disawang tina dua sudut, nya éta sudut karangan nu geus rapih jeung tina sudut prosés nyusunna hiji karangan (Gorys).

Tina hiji karangan nu geus rapih, téma nya éta amanat utama nu ditepikeun ku pangarang ngaliwatan karanganana. Amanat ieu bisa kapanggih lamun hiji jalma geus maca hiji karya tulis. Tina segi prosés nyusun hiji karangan, téma nya éta hiji

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

rumusan tina topik nu rék dijadikeun dadasar jeung udagan nu baris dihontal ngaliwatan éta topik.

Téma nu alus téh nya éta téma nu diruntutkeun dumasar kana pola-pola cara nulisna, boh éta déskriftif, naratif, eksposisif, arguentatis atawa persuatif. Sedengkeun téma nu kurang alus nya éta téma nu nu ditulis kalawan pamikiran anu kabur, teu pokus, jeung teu konséncrasi.

Numutkeun Gorys, téma nu hadé téh bisa disawang tina 2 hal nya éta tina segi karya tulis nu geus rapih jeung tina segi syarat-syarat nu kudu dicumponan nalika éta téma rék ditulis. Syarat téma nu hadé nya éta (a) jéntré henteuna éta téma (*kejelasan*), (b) jadi hiji beungkeutan (*kesatuan*), (c) cara ngamekarkeun téma (*perkembangan*), jeung (d) kaaslian (*originalitas*).

Jéntré henteuna téma bisa disawang tina gagasan pokona. Lamun gagasanna jéntré tangtu téma nu dirumuskeun dina leunjeuran kalimahna ogé jéntré. Jéntré henteuna téma ogé bisa disawang tina segi subordinasina. Lamun hiji atawa leuwih subordinasina teu némbongkeun hubungan nu jéntré, tangtu téma nu dihasilkeun bakal ngambang.

Téma téh kudu mangrupa hiji beungkeutan. Éta hal bisa ditempo tina ayana gagasan séntral anu jadi dadasar tina sakabéh tulisan. *Kesatuan* jeung *kejelasan* sabenerna méh sarua, ngan bédana aya dina segi cara nekenkeun gagasan sentralna. *Kesatuan* bisa ditempo tina pasualan yén ngan aya hiji gagasan séntral dina unggal tulisan atawa téma.

Cara ngamekarkeun téma nu kurang hadé bakal ngaruksak téma jeung udaganana. Dina ngamekarkeun téma téh sarua jeung ngamekarkeun alinéa. Kahiji, tina segi naon gagasan nu leuwih luhur diurutkeun sacara maksimal jeung naon rincian nu geus diurutkeun sacara konkret.

Kaaslian atawa originalitas bisa diukur tina sababaraha segi, nya éta pilihan pokok pasualan, tina segi cara nyawangna, pamarekanna, tina runtuyan kalimah-kalimahna, tina pilihan kecap atawa diksina. Dina kaaslian, hiji tulisan kudu digarap pikeun nyumponan kahayang nu maca sangkan teu ngabosenkeun. Hiji tulisan bisa

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

dianggap original lamun panulis geus wani jujur, jujur ngébréhkeun kamandangna sorangan, jujur ngébréhkeun naon nu dirasa jeung sawanganna kana hiji situasi sarta gagasan nu digunakeunna maké kekecapan sorangan.

Conto Téma dina Carita Pondok

Carita pondok kudu miboga téma atawa dadasar nu mangrupa inti tina sakabéh carita. Jadi hiji carita lamun teu miboga dadasar atawa téma, éta carita moal miboga harti atawa teu guna. Éta téma téh mangrupa udagan tina huji carita. Upamana waktu nyieun carita pondok. Ku ayana éta téma atawa dadasar, pangarang bisa ngagambarkeun watek palaku nu rék dicaritakeun dina carita pondok kalayan maksud anu tinangtu. Dadasar hiji carita bisa digambarkan ku hiji kalimah, contona:

1. Cinta ka lemah cai leuwih penting ti batan kana harta banda atawa kalungguhan.
2. Cinta nu bisa ngaréngsékeun sagala pasualan.
3. Lamun hiji jalma geus teu walakaya, kakara manéhna inget ka nu nyiptakeunna.

Lamun geus ditangtukeun dadasarna, sacara otomatis galur caritana ogé bakal kabayang nepi ka ahir. Ku kituna, lamun dadasar hiji carita geus ditangtukeun, pangarang bisa leuwih babari dina nyusun runtuyan caritana.

Nangtukeun Topik

Sacara étimologis, kecap topik asalna tina basa Yunani; topoi, nu hartina tempat. Topik bisa dihartikeun ogé salaku poko dina hiji paguneman. Cara milih topik téh kudu ngirut panitén panulisna sorangan jeung sacara substansial kudu dikawasa ku panulis.

Topik nu rék ditulis kudu ngirut panitén panulisna sorangan. Ku ayana rasa ngnirut, hiji jalma bakal terus ngalakukeun usaha pikeun ngamekarkeun tulisanna nepi ka rapih. Sabalikna, lamun topikna teu ngirut panulis, otomatis éta tulisan moal bisa mekar kalawan hadé.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

Dina retorika modern, numutkeun Gorys, unggal panulis nu hayang nepikeun hiji hal, tahapan nu munggaran nu kudu dilakukeun téh nya éta néangan topik nu pas nu bisa dijadikeun dadasar pikeun nepikeun maksud. Dina kanyataan pikeun nulis hiji karangan, panulis kudu milih topik jeung poko nu rék diomongkeun. Ku kituna, nalika nyusun hiji téma atawa nalika nangtukeun hiji téma pikeun hiji tulisan, aya dua unsur nu dijadikeun dadasar, nya éta poko nu rék diomongkeun jeung udagan nu rék dihontal ngaliwatan topik tadi.

Naon waé nu dijadikeun topik, tangtuna panulis kudu merhatikeun pangalaman objéktif nya éta naon-naon nu geus kaalaman ku panulis. Ébréhkeun hal naon waé nu geus kaalaman kaasup émosi panulis nalika ngalaman éta kajadian.

Ngarumuskeun Judul

Judul jadi hal nu utama tina hiji karangan. Loba karangan nu alus tapi kurang diperhatikeun ku nu maca kusabab judulna kurang ngirut panitén pamaca. Sabalikna aya ogé karangan anu goréng tapi diperhatikeun ku pamacana kusabab judulna nu alus pisan. Hal saperti kitu téh nguciwakeun pisan ka pamaca. Aya ogé judul anu alus ogé eusina alus tapi teu ngirut ka pamaca. Jadi judul nu alus ogé teu ngajamin eusi karanganna alus. Ku kituna, judul karangan kudu alus jeung ngirut panitén pamaca. Judul nu alus téh dina hartian judul anu saluyu jeung eusi karangan. Sedengkeun judul anu ngirut téh nya éta judul nu bisa nyugemakeun pamaca. Judul-judul nu aya dina koran, majalah, jeung sajabana téh bisa diajén jeung bisa dijadikeun bahan tinimbangan.

Judul mangrupa hiji hal nu ngaraketkeun antara topik jeung téma nu rék ditulis. Judul dina hiji tuisan mangrupa hiji hal nu bisa ngirut nu maca. Ku kituna, cara nulis judul téh kudu dirumuskeun kalayan ngirut panitén, padet, teu multitafsir (ambigu) jeung kudu ngawakilan topik jeung téma hiji tulisan. Ngarumuskeun judul bisa dilakukeun ngaliwatan dua cara, nya éta kahiji, sacara téoritis saméméh nyieun judul, panulis kudu ngarumuskeun heula masalah naon nu rék dibahas kalayan

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

ngaidéntifikasi heula masalah nu luyu jeung topik sarta téma tulisan. Kadua, nyieun heula judul nu saluyu jeung topik tulisan tuluy dijéntrékeun dina téma tulisan.

Judul nu hadé bisa ngirut nu maca sangkan maca éta tulisan. Ku kituna judul pikeun karya tulis ilmiah populér salawasna ditulis ku kalimah nu sipatna provokatif, persuasive, atawa edukatif.

Gorys nétélakeun yén judul nu hadé téh nu geus nyumponan syarat-syarat saperti kieu:

- a) Judul kudu relevan, hartina judul kudu miboga hubungan jeung témana, atawa aya patalina jeung sababaraha bagian nu penting tina téma.
- b) Judul kudu provokatif, hartina judul kudu loba sangkan ngabalukarkeun rasa kapanasaran tina diri nu maca kana eusi buku atawa karangan.
- c) Judul kudu singget, hartina judul ulah mawa loba kalimah atawa frasa nu panjang, tapi kudu ngawangun kecap atawa runtusan kecap nu singget. Lamun judul nu panjang teu bisa disingkahan, pangarang bisa ngalakukeun hiji cara nya éta nyiptakeun anak judul nu singget, tapi judul tambahan nu panjang.

Hiji judul karangan kudu mampuh ngirut panitén jeung minat nu maca sarta mampuh ngajelaskeun sacara singget inti tina gagasan nu rék ditepikeun.

Strategi Ngarumuskeun Téma, Topik, jeung Judul

Tahap kahiji dina nyieun karangan nya éta milih topik jeung téma karangan. Topik dina nyieun karangan bisa timana waé, loba pisan hal-hal di sabudeureun panulis anu bisa dijadikeun inspirasi pikeun nangtukeun topik dina nyieun karangan. Di antarana bisa tina maca koran, maca buku, tina obrolan jeung babaturan, diskusi, seminar, atawa bisa waé tina niténan kaayaan masarakat.

Pikeun ngamimitan hiji tulisan, panulis merlukeun téma, topik, jeung judul salaku poko bahasan sangkan tulisan bisa leuwih fokus atawa kawatesanan. Watesan dina tulisan mangrupa hal penting sangkan tulisan teu lega teuing jeung teu ngalantur kamana-mana.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

Aya sababaraha bangbaluh dina nangtukeun hiji topik karangan, nya éta:

1. Kurang informasi ngeunaan pasualan-pasualan di sabudeureun urang.
2. Loba hal-hal anu ngirut, nepi ka hésé nangtukeunana.
3. Ayana kateupercayaan ngeunaan topik anu geus dipilih.

Milih topik anu pas lain ngan saukur pikeun apal watesan masalah dina hiji tulisan, tapi bisa ogé pikeun ngarumuskeun judul anu miboga bobot nu alus. Patali jeung éta hal, aya dua stratégi pikeun nangtukeun topik jeung ngarumuskeun judul.

1. Strategi Top-Down

Strategi Top-Down nya éta nangtukeun heula téma, nu diteruskeun kana nangtukeun topik jeung judul.

2. Strategi Bottom-Up

Strategi Bottom-Up nya éta ngarumuskeun pasualan anu rék diguar, nu diteruskeun kana nangtukeun judul jeung topik.

Éta dua stratégi téh nyoko kana dua pondasi anu jadi acuan dina milih topik jeung judul. Éta dua pondasi téh nya éta:

1. Resep henteuna kana pasualan
2. Ku ayana data jeung fakta.

Stratégi Top-Down

Stratégi top-down ngawengku tilu cara, nya éta:

1. Kahiji, milih téma. Téma mangrupa ide pokok hiji pasualan nu ngan ngawengku hiji konsép. Téma ogé bisa dibagi deui jadi rupa-rupa topik anu leuwih spésifik. Misalna, dina élmu ékonomi téh bisa ngagunakeun téma saperti globalisasi, politik ékonomi, makro ékonomi, perdagangan internasional, jsb. Dina élmu ékonomi, téma ogé bisa tina kajian wilayah saperti ASEAN, Timur Tengah, Asia Pasifik, Eropa, jsb.
2. Kadua, dumasar kana téma nu dipilih, bisa leuwih difokuskeun deui sangkan sipatna leuwih spesifik. Hal éta nu disebut topik.

Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI

3. Katilu, topik nu geus ditangtukeun kudu diheureutan deui dina hiji judul. Lamun geus asup kana judul, poko bahasanna kudu leuwih heureut jeung museur kana hiji hal. Bagian nu mimiti ditingali ku nu maca pasti bagian judul heula. Ku kituna sangkan nu maca kairut, dina nangtukeun judul kudu bener-bener dipikiran. Judul hiji tulisan nu kaasup hadé téh kudu singget, jelas, sarta sacara teu langsung ngawengku jeung nyaritakeun eusina.

Stratégi Bottom-Up

Stratégi bottom-up mangrupa usaha nangtukeun topik jeung judul nu leuwih matok kana pasualan anu rék dibahas. Inspirasi dina nangtukeun pasualan bisa timana waé jeung iraha waé. Bisa tina diskusi, seminar, kuliah, atawa forum ilmiah séjénna. Bisa ogé tina maca artikel-artikel ilmiah atawa berita-berita dina media massa. Ku kituna, dina waktu ngalaksanakeun éta kagiatan-kagiatan, nu nulis kudu cermat dina ningali kaayaan ngeunaan poko-poko pasualan nu dibahas. Pasualan nu can kapanggih cara ngungkulanna bisa jadi hiji topik anu ngirut.

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**

**Bahan Bacaan Kumpulan Makalah Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa
Daerah FPBS UPI**